PEMERINTAH KABUPATEN WONOGIRI
DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN

PENILAIAN AKHIR TAHUN SEKOLAH DASAR
TAHUN PELAJARAN 2020/2021

KURIKULUM 2013

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa | **Hari/tanggal : Sabtu, 5 Juni 2021**
Kelas : 4 (Empat) | **Waktu : 07.30 – 09.30 (120 menit)**

PETUNJUK UMUM :

1. Tulislah nama dan nomor pada sudut kanan atas pada lembar jawab!
2. Bacalah tiap-tiap soal dengan sebaik-baiknya!
3. Kerjakan lebih dahulu soal yang kau anggap paling mudah!
4. Periksa kembali pekerjaan sebelum kau serahkan pada Bapak/Ibu Guru!

I. Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b, c utawa d ing sangarepe wangsulan sing paling bener ing lembar jawaban kang cumawis !

Wacanen punggelan crita rakyat ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 1 - 4!

Dumadine Kutha Salatiga

Nalika semana Ki Ageng Pandhanaran didhawuhi Kanjeng Sunan Kalijaga tindak menyang Tembayat. Rambawati, yaiku garwane Ki Ageng Pandhanaran, sedya nusul. Kacarita lakune Ki Ageng Pandhanaran wis tekan satengahe alas gung liwang liwung.

Nalika Rambawati isih ana mburi, dumadakan ana begal telu padha jumedhul ngadhang laku. Wong telu kuwi mau padha nggawa gaman, njalari Rambawati keweden. "Mandheg, bandha apa nyawa!" Panggetake wong telu kuwi. "Yen kowe kepingin urip, wenehna raja brana ana ing tekenmu kuwi!" tembunge mbacutake.

1. Sing ndhawuhi Ki Ageng Pandhanaran tindak menyang Tembayat yaiku ....
   a. Rambawati
   b. Kanjeng Sunan Kalijaga
   c. Raden Panji
   d. Ki Kesdik Wacana

2. Nalika ing ndalan Rambawati ngalami kedadean yaiku ....
   a. diadhang begal
   b. ditutke begal
   c. diarah patine
   d. dipilara awake

3. Rambawati nyimpen raja branane ana ing ....
   a. njero tas
   b. njero klambi
   c. njero gaman
   d. teken

4. Crita ing ndhuwur kalebu jinise crita ....
   a. legenda
   b. fabel
   c. sage
   d. mite

Cakepan tembang ngisor iki kanggo nomer 5 - 8.

Aja nganti kabanjur
Barang polah ingkang nora jujur
Yen kebanjur sayekti kojur tan becik
Becik ngupayaa iku
Pitutur ingkang sayektos

5. Paugerane cakepan kaya ing ndhuwur, yaiku tembang ....
   a. Pangkur
   b. Maskumambang
   c. Durma
   d. Gambuh

6. Guru wilangan lan guru lagune tembang ing ndhuwur yaiku ....
   a. 7u, 10a, 12i, 8u, 8o
   b. 7u, 10u, 12i, 8u, 8o
   c. 7u, 10u, 12a, 8u, 8o
   d. 7u, 10u, 12i, 8e, 8o

7. "Becik ngupayaa iku"
   Kosok baline tembung ***becik*** yaiku ....
   a. ala
   b. adil
   c. bener
   d. jujur

8. Tembung ***tan*** padha tegese karo ....
   a. ya
   b. bener
   c. nora
   d. iku

Wacanen crita wayang ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomor 9 - 12!

Bima Bungkus

Prabu Pandhu Dewanata, ratu ing Ngastina nembe nandhang susah. Putrane panenggak mijil bungkus banjur kabucal ing alas Wandalaksana. Arya Prabu Yama Widura kautus menyang pratapan Sapta Arga sowan marang Rama Bagawan Abiyasa saperlu nyuwun pituduh. Sang Abiyasa dhawuh ora prelu susah amarga ingkang wayah bungkus bakal dadi senapati sing prawira minangka tamenge Pandhawa.

9. Prabu Pandhu Dewanata nandhang susah amarga ....
   a. putrane panenggak mijil bungkus banjur kabucal ing alas Wandalaksana
   b. Bima dibucal ing alas Wandalaksana
   c. ingkang wayah bungkus bakal dadi senapati sing prawira minangka tamenge Pandhawa
   d. Arya Prabu Yama Widura kautus menyang pratapan Sapta Arga sowan marang Rama Bagawan Abiyasa

10. Kang kautus menyang pratapan Sapta Arga yaiku ....
    a. Rama Bagawan Abiyasa
    b. Prabu Pandhu Dewanata
    c. Arya Prabu Yama Widura
    d. Bathara Guru

11. Irah-irahane crita ing ndhuwur yaiku
    a. Bima Sena
    b. Bima Bungkus
    c. Gajah Sena
    d. Prabu Pandhu Dewanata

12. Abiyasa ***dhawuh*** ora prelu susah amarga ingkang wayah bungkus bakal dadi senapati sing prawira minangka tamenge Pandhawa.
    Tembung ***dhawuh*** tegese ....
    a. ngadhep
    b. nimbali
    c. njaluk
    d. prentah

13. Aksara Jawa kang migunaake sandhangan panyigeg wanda layar yaiku ....
    a. ꦩꦤ꦳
    b. ꦲꦤ꦳
    c. ꦩꦤ꦳
    d. ꦲꦤꦺꦴꦤ꦳
14. Wujude mangkene (꦳) iki sandhangan panyigeg wanda kang aran ....
    a. pangkon
    b. layar
    c. cecak
    d. wignyan
15. Wayang, menawa ditulis nganggo aksara jawa wujude ....
    a. ꦮꦪꦁ
    b. ꦮꦪꦁ
    c. ꦮꦪꦁ
    d. ꦮꦪꦁ

II. Isenana ceceg-ceceg ing ngisor iki nganggo tembung sing mathuk ana ing lembar jawaban kang cumawis!

Kanggo mangsuli pitakon nomer 16 - 19 gatekna punggelan crita rakyat iki!

> Rambawati mlayu karo bengok-bengok. "Kakang...Kakang Pandhanaran!" Pambengoke Rambawati keprungu dening garwane. Ora let suwe playune Rambawati wis tekan panggonane wong sing disusul. Sawise ilang kesele dheweke banjur nyritakake lelakon kang dialami. Anggone crita karo tumungkul, rumangsa getun ora manut dhawuhe Kanjeng Sunan Kalijaga.

16. Pambengoke Rambawati keprungu dening garwane yaiku ....
17. Rambawati anggone crita karo tumungkul, rumangsa getun amarga ....
18. Rambawati nyritakake lelakon kang dialami marang garwane sawise ....
19. Ora let ***suwe*** playune Rambawati wis tekan panggonane wong sing disusul.
    Tembung ***suwe*** kosok baline ....
20. ... sing mlayu karo bengok-bengok?
    Tembung pitakon kang trep kanggo ngganepi ukara kasebut yaiku ....

Cakepan tembang ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 21 - 25!

> *Tutur bener puniku*
> *Sayektine apantes tiniru*
> *Nadyan metu saking wong sudra papeki*
> *Lamun becik nggone muruk*
> *Iku pantes sira anggo*

21. Tembang ing ndhuwur kedadean saka ... gatra
22. Guru wilangan lan guru lagu gatra pungkasan tembang ing ndhuwur yaiku ....
23. Nadyan metu saking ***wong sudra papeki***
    Wong sudra papeki tegese wong ....
24. Tembang macapat cacahe ana ....
25. Guru lagu ing tembang macapat uga diarani ....

Wacanen crita wayang ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomor 26 - 30!

> Nalika semana, ing kayangan Jonggring Saloka, Bathara guru ndangu marang Bathara Narada, ana ontran-ontran apa ing Ngarcapada. Bathara Narada matur menawa ing Ngarcapada ana gara-gara, yaiku putrane Pandhu Dewanata lair bungkus lan kabuwang ana ing alas Wandalaksana. Bathara Guru banjur dhawuh marang Dewi Uma supaya paring kaluwaran marang bungkus. Dewi Uma banjur budhal kadherekake Bathara Narada .

26. Putrane Pandhu Dewanata kang lair bungkus kabuwang ana ing . . . .
27. Bapake Bima ing pewayangan asmane . . . .
28. Bathara Guru banjur dhawuh marang Dewi Uma ***supaya*** paring kaluwaran marang bungkus. Basa kramane tembung ***supaya*** yaiku . . . .
29. Jabang bayi kang dicritaake ing dhuwur laire awujud . . . .
30. Bathara guru dhawuh marang... supaya paring kaluwaran marang bungkus.
31.  tembung ing sisih latine . . . .
32.  tembung iki latine . . . .
33. Prasaja, manawa katulis mawa aksara Jawa wujude . . . .
34. Gedhang goreng, tulisane aksara Jawa yaiku . . . .
35. (....), Sandhangan wanda ing sisih arane . . . .

III. Garapen pranyatan-pranyatan ngisor iki kanthi pratitis!

> Mas Karebet kaboyong menyang Tingkir. Ana ing Tingkir Mas Karebet dadi bocah lantip, trapsila, lan ora urakan. Mas Karebet manut marang Nyi Ageng Tingkir malah taberi mbiyantu nyambut gawe.
>
> Saya gedhe Mas Karebet katon saya bagus rupane, bregas pawakane pideksa. Watake dhemen tetulung, dheweke kondhang ing saindenge Tingkir.

36. Kepriye watake Mas Karebet manut wacan ing ndhuwur?

Gatekna cakepan tembang Gambuh ngisor iki!

> *Tutur bener puniku*
> *Sayektine apantes tiniru*

37. Kepriye gancarane (prosa) cakepan tembang Gambuh ing ndhuwur? Tulisen!

> Bathara Guru ngutus Gajah Sena mecahake bungkus iku. Sadurunge Gajah Sena teka, luwih dhisik Bathari Durga mlebu ing njero bungkus Bima menehi maneka warna klambi kayata: kampuh poleng bang bintulu, gelang candrakirana, kalung naga bandha, sumping surengpati, lan pupuk jarot asem.

38. Apa wae jinising ageman sing dienggo Bima wektu lair? Aranana!
39. Tulisen nganggo aksara Jawa!
    a. dhahar ; b. gatra ; c. semut
40. Kepriye latine aksara Jawa ing sisih kiwa iki?

---==oOo==---